

Eksplikasyon pou ranpli aplikasyon an
*Tanpri byen li avan w ranpli aplikasyon w lan***Elijiblite**

Elèv dwe fèt an 2007 epi abite nan distri 29 nan moman y ap soumèt aplikasyon an pou yo elijib pou pwosesis aplikasyon lotri distri 29 pou ane akademik 2012-2013 la.

Priyorite pou admisyon

Men nan ki lòd priyorite y ap admèt aplikan yo:

1. Aplikan distri 29 ki gen yon sibling* yo verifye nan youn nan lekòl ki nan lis aplikasyon an ap resevwa priyorite nan lekòl sibling lan
2. Tout lòt aplikan distri 29

*Lekòl la ap verifye tout sibling ou mete sou lis la. Pou yon aplikan kalifye pou priyorite sibling, sibling lan dwe nan matènèl rive 4yèm ane nan lekòl nan moman w ap ranpli aplikasyon an.

Si gen plis aplikan nan yon gwoup priyorite pase plas ki disponib, y ap bay plas yo pa tirajosò.

Lis atant

Si yo ofri yon timoun yon plas nan youn nan lekòl li te mete sou aplikasyon an, y ap konsidere ke pwosesis plasman an fini epi yo p ap mete elèv la sou yon lis atant. Si yo pa ofri aplikan an yon plas nan okenn nan lekòl li aplike yo, y ap mete non aplikan an sou yon lis atant nan lekòl li te chazi an premye a. Dèke gen plas ki vin disponib nan lekòl yo, y ap ofri elèv ki sou lis atant lan plas. Y ap bay elèv ki sou lis atant lan priyorite dapre gwoup priyorite yo ak yon nimewo yo ba y pa aza.

Pa gen garanti elèv ap jwenn plas nan lekòl yo mande yo. Yo ankouraje elèv k ap aplike atravè pwosesis sa a, pou yo aplike tou dirèteman nan lekòl ki pou sektè yo abite a.

Chwa lekòl

Men kat chwa lekòl pou matènèl ki nan Aplikasyon Lotri Matènèl pou Distri 29 la:

- **P.S./I.S. 208** (matènèl – 8yèm ane)
74-30 Commonwealth Boulevard
Bellerose, NY 11426
(718) 468-6420
www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q208
- **P.S./I.S. 268** (matènèl – 8yèm ane)
175-02 Jamaica Avenue
Jamaica, NY 11432
(718) 206-3240
www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q268
- **P.S. 251** (matènèl – 3yèm ane)
144-51 Arthur Street
Springfield Gardens, NY 11413
(718) 276-2745
www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q251
- **P.S./I.S. 270** (matènèl – 8yèm ane)
233-15 Merrick Boulevard
Rosedale, NY 11422
(718) 341-8280
www.nyc.gov/schools/SchoolPortals/29/Q270

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan

Ou ka pase pran yon aplikasyon nan biwo Sipèntandan distri 29, Queens Enrollment Office nan Sutphin Boulevard, nenpòt nan lekòl nou mete pi wo a, oswa sou entènèt nan www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/Elementary/Publications. Pote aplikasyon ki ranpli a an pèsòn pa pi ta pase **vandredi 2 mas 2012** nan youn nan adrès sa yo:

- **Office of the District 29 Community Superintendent**
222-14 Jamaica Avenue, Room 217
Queens Village, NY 11428
Lendi – Vandredi, 8:00 AM – 4:00 PM
- **Biwo Enskripsyon Queens:**
90-27 Sutphin Boulevard, Room 140
Jamaica, NY 11435
Lendi – Vandredi, 8:00 AM – 3:00 PM

Pote aplikasyon sa a a *an pèsòn* pa pi ta pase **vandredi 2 mas 2012** nan Biwo Sipèntandan Kominote Distri 29 la, oswa nan Biwo enskripsyon Queens la ki nan 90-27 Sutphin Boulevard, Room 140. Pa bliye pou konsève resi w.

SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

Non elèv	Prenon elèv	Dat nesans (MM/JJ/AA)	Sèks (ochwa)
		/ / 2007	<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi

Adrès elèv la (# kay, Ri, # Ap. Vil, Eta, Kòd postal)

Non paran/Gadyen	Siyati paran / gadyen	Relasyon avèk elèv la
------------------	-----------------------	-----------------------

Nimewo telefòn lajounen	Nimewo telefòn selilè	Adrès imèl paran
-------------------------	-----------------------	------------------

Lekòl elèv la ye kounye a	<input type="checkbox"/> Elèv lekòl piblik	<input type="checkbox"/> Elèv lekòl prive/pawasyal
---------------------------	--	--

Enfòmasyon sou sibling: **Ranpli pati sa a sèlman si pitit ou a gen yon sibling ki nan matènèl rive 4yèm ane nan youn nan lekòl kote w ap aplike a.**

Non sibling	Day nesans sibling (MM/JJ/AA)	ID elèv Sibling
Klas sibling ap fè kounye a	Non sibling	

SEKSYON B: CHWA LEKÒL

Men Chwa lekòl lotri matènèl pou Distri 29 yo pi ba a. Sonje pou chwazi sèlman lekòl ou enterese pou pitit ou a ale an septanm 2012. Mete yon nimewo nan kazyè ki akote lekòl ki reprezante chwa ou nan lòd ou ta prefere. Pa egzanp, si w ekri "1" bò kote non yon lekòl, ou fè konnen lekòl sa a se premye chwa a. Si w ekri "2", ou fè konnen se 2yèm chwa a, kontinye konsa jiskaske w fini. Al gade nan "Eksplikasyon pou ranpli aplikasyon an" nan paj avan an pou plis detay.

Si w ap aplike pou jimo, ou dwe ranpli yon aplikasyon pou chak timoun. Y ap plase yo ansanm si nan aplikasyon an, ou mete menm lekòl yo sou lis nan menm lòd la. Jimo pa bay yonn lòt priyorite sibling.

Lòd Priyorite	Nimewo Lekòl la
	P.S./I.S. 208
	P.S. 251
	P.S./I.S. 268
	P.S./I.S. 270

SEKSYON C: NON AK SIYATI PARAN/GADYEN

Mwen konprann plas yo limite epi aplikasyon sa a pa garanti pitit mwen an ap jwenn yon plas nan youn nan lekòl ki nan aplikasyon sa a. Mwen konprann depi m fin aksepte yon plas yo ban mwen nan youn nan lekòl sa yo, sa elimine elijiblite m pou m antre nan okenn lòt lekòl ki sou aplikasyon sa a.

Y ap bay elèv ki elijib yo mwayen transpò. Pou plis enfòmasyon pou elijiblite pou transpò, tanpri ale nan www.nyc.gov/schools/offices/transportation.

Mwen li eksplikasyon pou aplikasyon ki pi wo a epi mwen konprann li. Lè m siyen fòm sa a, mwen sètifye mwen se paran/gadyen aplikan an, ke aplikan avèk mwen abite nan adrès pi wo a, epi mwen gen otorizasyon pou m soumèt aplikasyon sa a nan non timoun sa a.

Siyati paran/gadyen

Dat

Plas sa a rezève pou biwo a sèlman.

Received by:	<u>Kote:</u>	Dat:
--------------	--------------	------